



Tan chalè pwal rive, pwekosyon pa kapon !

Si'w genyen 65 rekòl kafe osnon plis

Si'w souffri ak yon maladi tankou :

- maladi kè
- tout kalite maladi nan tèt
- Ou gen pwoblèm pou respire
- pwoblèm ren
- pwoblèm nè
- diabèt
- maladi mantal

Ou fèt pou pwoteje tèt ou, lò chalè a ap monte

Kisa pou fè, lò sa rive :

- Kon'n kilès wap rele si ou gen pwoblèm sa.
- Suiv meteo, gade ki tanperati li fè andan kay la, e sitou si li fè osnon plis pase 30 C ou 86 F . Suiv tou, si tanperati a pa desan nan nwit la.
- Mete lè Kondisyon nan kay la. Ou byen rete yon ti moman yon kote ki genyen lè kondisyon tankou nan gwo komès yo, osnon nan sinema
- Bwè anpil dlo mem si ou pa swaf, ou byen bwè kantite doktè'w di'w pou bwè.
- Pa bwè bagay sa yo : alkòl, te, kola osnon likid ki gen anpil sik
- Chak fwa ou kapab rafechi ti kò'w, pa ezite fè'l
- Pa fè two gwo jefò
- Pa bay soley lan gabèl, mete rad lejè sou ou, pa mete gwo koulè sou ou, epi kouvri tèt ou ak kaskèt, chapo.

Si ou pa santi'w bwen, si'w gen vètij, si'w santi kò kraz, mal tèt, si'w respire mal, si'w souffri ak lestomak fè mal, jam anfle , Rele INFO-SANTE osnon doktè'w

Si gen ijens rele 911.